



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV APLIKASYON LWA "KONDUI SAN OU PA SOU OSWA PRAN KONTRAVANSYON" PANDAN SEZON FÈT LA

Yo pral deplwaye lòt twoup yo sou wout Eta New York yo k ap chèche chofè k ap kondui ak kapasite afebli nan sezon fèt sa a

Fèmti liy ki gen rapò ak konstriksyon limite pandan wikenn Nwèl ak Nouvèl Ane a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York pral patisipe nan inisyativ ranfòsman nasyonal la pou pran mezi represif kont moun k ap kondi nan kapasite afebli yo pandan sezon fèt sa a. Lapolis Eta New York pral patisipe nan kanpay nasyonal "Drive Sober or Get Pulled Over" (Kondi San ou pa Sou Oswa Pran Kontravasyon) an, ki dwoule soti mèkredi 13 desanm 2023 jiska lendi 1ye janvyè 2024.

"Li neglijan, danjre, epi ilegal pou moun kondi nan yon kapasite afebli, epi nou gen zewo tolerans pou sa sou otowout New York la yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap voye yon mesaj klè nan sezon fèt sa a ke moun ki vyole lwa veyikil nou yo ak lwa sikilasyon nou yo pral resevwa yon tikè oswa yo pral fè fas ak akizasyon penal."

Anplis, de pwen kontwòl ak patwouy DWI, Manm Patwouy yo ap siveye chofè ki distrè yo, pasaje otomobil yo ki pa byen mete senti sekirite ansanm avèk chofè yo kap vyole Lwa "Move Over Law" (Mete Sou Kote), ki egzijè pou otomobilis yo pran anpil prekosyon lè yap pase yon veyikil ijans ki kanpe nan oswa bò wout la. Lapolis Eta a pral antreprann mezi entèvansyon tout kont minè k ap bwè alkòl yo toupatou nan eta a.

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Dominick L. Chiumento, te deklare, "Nou swete nou tout yon bèl sezon fèt ak yon Bòn Ane! Nou pral fè pati nou an pou asire jou ferye yo rete an sekirite. Manm nou yo ap rete vijilan sou wout ou yo pou anpeche trajedi initil ki soti nan kondwi ensousyan ak kapasite afebli. Tanpri reflechi de fwa anvan w monte volan yon veyikil si w te bwè. Si ou te bwè, gen anpil opsyon ki disponib ki pral bay pasaj an sekirite nan destinasyon ou. Ansanm, ann fè sekirite sou wout nou yo vin yon priyorite sezon fèt sa a."

Kanpay ranfòsman trafik sa yo finanse pa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), ki ankouraje ak sipòte patisipasyon ajans ki fòs lòd yo nan nivo eta, konte ak lokal yo nan efò aplikasyon lwa ki gen gwo vizibilite.

Finansman sibvansyon yo gen entansyon kontwole davantaj sikilasyon an ak angajman pandan peryòd sa yo nan ane a, tankou jou ferye yo, lè gen plis potansyèl pou chofè ki gen kapasite febli akòz alkòl oswa dwòg yo sou wout la.

Komisè DMV New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder te deklare, "Reyini ansanm ak fanmi ak zanmi pou selebre jou ferye yo pote anpil lajwa, epi se responsablite nou tout pou nou tout asire nou ke nou kenbe tèt nou ak lòt moun an sekirite nan pwosesis la. Fèyon plan si ou konnen ke selebrasyon ou yo pral enplike alkòl. Li pran sèlman yon ti moman pou w konnen ki jan pou w rive lakay ou an sekirite, epi li pral lakoz anpil moman doulè ak difikilte sou wout la si w pa te fè plan sa a."

[Aplikasyon Fè yon Plan an \(Have a Plan app\)](#) ka ede w. Aplikasyon gratis Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon NYS STOP-DWI la te pèmèt ou deziyen yon chofè, rele yon taksi oswa woulib an komen, epi revize konsekans ki genyen lè moun kondi nan kapasite afebli. Ou ka menm itilize aplikasyon an pou w rapòte yon chofè ki sou oswa ki dwoge. Aplikasyon an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android, ak Windows.

Nan efò pou fasilite vwayaj yo pandan wikenn fèt ki okipe yo, yo pral sispann fèmti tanporè vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispann soti vandredi 22 desanm nan 6 a.m pou rive nan madi 26 desanm nan 6 a.m. Konstriksyon yo pral sispann tou soti vandredi 29 desanm nan 6 a.m. pou rive madi 2 janvyè nan 6 a.m. pou kapab fasilite deplasman pou otomobilis yo.

Nou enfòme otomobilis yo gen kèk travay ki ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan yo pou reparasyon ijans. Sispannyon konstriksyon yo aliyen avèk Inisyativ Chofè An Premye (Drivers First) Eta New York la, ki priyorize komodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj nan sikilasyon an ak reta nan deplasman yo akòz travay sou pon ak wout yo.

Espas pou kanpe pou voye tèks yo, sa gen ladan enstalasyon pou estasyonman ak pran woulib (park-and-ride) yo, espas arè pou repoze yo, zòn sèvis yo ak pakin yo ki sou otowout eta yo ap soutni efò eta a pou redui kantite moun ki distrè pandan y ap kondwi yo. Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York la pral kontinye tou ak tradisyon li an nan ofri kafe gratis ak te cho bay vwayajè yo nan zòn sèvis yo sou Thruway lan soti 11 p.m. nan Reveyon Nouvèl Ane rive jiska 7 a.m. nan maten Nouvèl Ane pou ankouraje moun yo kondwi an sekirite epi ak an alèt.

Otorite Thruway (Thruway Authority) la raple otomobilis yo ke 12 zòn sèvis yo fèmen epi yo an konstriksyon nan kad pwojè investisman prive ak modènizasyon 450 milyon dola a. Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo. Otomobilis yo ka wè zòn sèvis yo epi planifye arè yo sou sit entènèt Otorite Twotwa a ak sou aplikasyon mobil gratis la

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Lè yo sispann aktivite konstriksyon yo, otomobilis k ap vwayaje pandan wikenn jou ferye chaje sa yo ta dwe wè mwens reta. Nou ankouraje otomobilis yo pou yo fè sekirite vin yon priyorite nan vwayaj pa yo. Ralanti epi Mete ou Sou Kote pou machin ijans yo ak

pèsonèl Thruway k ap reponn ak ensidan yo, pa kondwi distrè epi kite anpil tan pou kanpe. Nou remèsye patnè nou yo nan Lapolis Eta New York paske yo fè patwouy sou Thruway la epi kenbe otomobilis yo ak anplwaye nou yo an sekirite."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Sezon fèt la se youn nan moman ki pi bèl nan ane a, men pou vwayajè yo, li kapab tou youn nan moman ki gen plis estrès. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a vle fè tout sa li kapab pou bay otomobilis yo yon vwayaj ki an sekirite epi san pwoblèm, epi li sispann aktivite konstriksyon yo pou ede fasilite sikilasyon, pandan ajans k ap fè respekte lalwa konsantre efò yo sou sekirite piblik k ap vwayaje a. Nou swete tout moun yon bon sezon fèt ak an sante epi nou ankouraje tout moun k ap vwayaje pou yo tanpri fè sa san danje, pou ansanm nou kapab asire tout moun rive nan destinasyon yo an sekirite."

Pandan kanpay la, Manm Patwouy yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta ki make idantite ak sa ki pa make idantite (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) kòm yon pati nan operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis k ap itilize aparèy yo kenbe nan men yo pandan y ap kondwi yo. Veyikil CITE yo ap pèmèt twoupè yo obsève pi byen vyolasyon kondwi ki gen rapò a distraksyon. Veyikil san mak sa yo ka kamofle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Pandan represyon ane pase a, jan GTSC tr rapòte, lapolis nan tout eta a te bay 94,372 kontravansyon. Nan kontravansyon sa yo 18,222 ladan yo se te pou vitès, 3,028 se te pou chofè ki distrè, 2,684 se te pou senti sekirite, 472 pou "Lwa Mete w Akote" ak 3,139 moun yo te arete paske yo te kondwi ak kapasite afebli. 66,827 otomobilis yo te resevwa kontravansyon pou lòt enfraksyon.

Si w kondui ak kapasite afebli epi w vyole lalwa, w ap fè fas ak konsekans yo epi w ap responsab. Done Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York yo montre ke arestasyon krim ak deli pou kondui yon machin pandan li anba enfluyans alkòl oswa dwòg lakòz yon kondanasyon nan apeprè 90 pousan ka yo.

Lapolis Eta New York ak Administrasyon Nasyonal Sekirite Sou Otowout la (National Highway Traffic Safety Administration) ofri tou konsèy sa yo pou rann jou ferye yo pi an sekirite pou tout moun:

- Planifye fason pou w rantre lakay ou an sekirite depi avan selebrasyon kòmanse;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki p ap bwè pou kondwi;
- Si kapasite w afebli, pran yon taksi oswa yon sèvis machin pataje, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa gen kapasite afebli, oswa itilize transpò piblik.
- Itilize pwogram moun ki pa sou k ap bay woulib ki disponib nan kominote w la;
- Si w ta remake yon chofè ki sou nan wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la;

- Si w konnen yon moun ki pral kondwi oswa monte moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle yo epi ede yo fè lòt aranjman pou yo rive nan destinasyon yo an sekirite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418